

READY, Set, Go Miami!

YON TWOUS AKTIVITE ALFABETIZASYON



MIAMI-DADE
CAMPAIGN FOR
GRADE-LEVEL
READING

READY, Set, Go Miami!

YON TWOUS AKTIVITE ALFABETIZASYON

Yon inisyativ pou tout Konte a pou akeyi yon seri atelye travay amizan pou fanmi timoun depi nesans rive 5 lane pou amelyore aktivite alfabetizasyon pou timoun piti nan woutin toulejou lakay.

MIAMI-DADE
CAMPAIGN FOR
GRADE-LEVEL
READING

KISA MDGLR LA YE?

Kanpay Lekti Nivo ki Bon pou Klas Miami-Dade la (Miami-Dade Grade Level Reading, MDGLR) se yon kowalisyon patnè ki konsantre sou mobilizasyon pou fè enpak kolektif. Pou asire ke chak patnè gen plas li sou tab diskisyon an, Kanpay MDGLR la gen ladann 3 komite: Preparasyon pou Lekòl, Summer Slide ak Aprè-Lekòl, epi Prezans ak Sante. The Children's Trust of Miami-Dade òganize Kanpay MDGLR la, epi manm yo kontre regilyèman ak objektif:

1. ogmante alfabetizasyon anvan, pandan, ak aprè lekòl,
2. optimize resous yo,
3. ranfòse patenarya epi,
4. ogmante enklizivite.

Antanke pwojè kolaboratif, nou swete anpil ankouraje ajans kominotè yo, lidè ak fanmi yo ki travay entansyonèlman ansanm pou sipòte moun ki okipe timoun, grasa langaj ki rich ak jwèt epi nitrisyon fòtifan ak sante pou reyalize devlopman sèvo optimal epi pou asire timoun yo pare pou aprann kou yo antre nan jadendanfan. Anplis de twous preparasyon pou lekòl sa a, Kanpay MDGLR fyè de kreyasyon konpetisyon anyèl pandan peryòd lete a ki rele Batay Liv yo (Battle of the Books), Kanpay Pare pou Aprann (Read to Learn Campaign) lan epi li te resevwa anpil pri nasyonal.



POUKISA READY, Set, Go Miami!?

Inisyativ **READY, Set, Go Miami!** envite fanmi ak moun ki ap okipe timoun piti ki gen tout kapasite pou patisipe nan aktivite ki pwomouvwa epi devlope konpetans alfabetizasyon bonè ki sen nan lavi toulejou. Anpil nan woutin toulejou yo ap deja fè yo benefik vrèman pou devlope konpetans nan lang ak nan kominikasyon timoun piti. Inisyativ la ogmante konsyantizasyon moun ki ap okipe timoun sou fason pou aji entansyonèlman nan entèraksyon li yo ak timoun epi pi byen prepare timoun yo pou antre lekòl. Sa va ogmante konsyantizasyon sou bon kalite pwogram, toupatou nan Miami, ki konsantre sou timoun ki fenk fèt jiska 5 lane. Atelye travay **READY, Set, Go Miami!** yo va amelyore sa fanmi yo ap fè deja ak timoun yo toulejou, ki se onore epi mete aksan sou lang fanmi yo pale lakay yo. Atelye yo va ede moun ki ap okipe timoun yo reyalize gen anpil opòtinite nan lavi toulejou yo pou prepare timoun yo pou jadendanfan.

READY, Set, Go Miami! Pral kòmanse nan mwa mas 2021 lè patnè kominotè yo oswa moun toupatou nan Konte Miami-Dade pral gen opòtinite pou enskri pou tounen yon sit atelye **READY, Set, Go Miami!** yo. Komite Preparasyon MDGLR ak patnè li yo pral mobilize lekòl, sant gadri timoun, legliz, gwoup paran ansanm ak nenpòt lòt òganizasyon kominotè ki kontakte fanmi yo pou yo enskri pou akeyi youn nan atelye travay yo nan mwa me 2021.

Kanpay MDGLR la chwazi mwa me an pou kapab sipòte fanmi yo pandan yo ap apre pou mwa peryòd lete yo. Moman sa a chwazi eksprè pou yo ka amelyore devlopman konpetans alfabetizasyon timoun piti yo, *summer slide* epi prepare timoun yo pou antre lekòl. Atelye travay yo pral enfòm fanmi yo tou konsènan lòt resous ansèyman bonè ak entèvansyon bonè epi/oswa pwogram pandan tout ane a ki egziste nan Konte Miami-Dade pou sipòte yo ak timoun piti yo.

ENTWODIKSYON A GID LA

Atravè tout gid sa a, ou va jwenn ikòn ki atire atansyon sou divès sijesyon sou fason pou amelyore epi apwofondi objektif evènman sa yo.



KONSÈY TEKNIK

Nou vle fanmi yo aprann kijan pou itilize teknoloji nan fason ki apwopriye pou devlopman.



KONSÈY NAN LANG

Pou yo santi yo konfòtab— epi ankouraje— lè yo ap sèvi ak lang yo konnen pi byen.



KONSÈY POU EKITE SOSYAL

Pou konnen kijan pou entegre timoun nan konvèsasyon osijè lòt kilti ak divèsite lengwistik ak rasyal.



KONSÈY ENKLIZYON

Konprann kijan pou adapte aktivite pou divès konpetans ak bezwen.



FLORIDA EDUCATION BENCHMARK

Epi pou konprann kijan aktivite sa yo kontribye pou asire ke timoun yo pa gen reta pou preparasyon jadendanfan.


Nan paj ki annapre yo, ou pral jwenn 5 estasyon ki kreye opòtinite pou fanmi yo pou entegre aktivite alfabetizasyon bonè ki senp nan woutin toulejou. Nan chak estasyon, gen aktivite pou divès laj ak divès abilite. Nou te mete aksan tou sou enpòtans pou mete ladan konvèsasyon konsènan ras, etnisite, kilti ak divèsite lengwistik, pou gid la kapab pwomouvwa enklizyon. Konsènan timoun ki gen divès abilite, ou pral jwenn sijesyon sou fason pou adapte aktivite yo pou aksesibilite ak pi bon patisipasyon. Sèten estrateji gen ladann teknoloji ki bay asistans yo kapab prete nan bibliyotèk Eta nou an, FFAST ki prete liv [FAAST](https://faast.org/stepup) (faast.org/stepup).

Estasyon nan gid sa a mete aksan sou aktivite ki sipòte devlopman konpetans alfabetizasyon ak matematik bonè ki enpòtan tankou pale, fè lekti, chante, jwe epi ekri. Aktivite sa yo entegre nan woutin toulejou ki senp ak aksesib pou entegre pandan tout lajounen ak nan lang yo pale lakay la.

Nan fen chak estasyon, 'apèl a laksyon' an se pou fanmi yo:

1. pran youn oswa 2 nouvo lide epi aplike yo semèn sa a ak pitit yo. Pandan atelye travay la, va gen yon moman pou fikse yon objektif ak yon entansyon pou pratik sa a. Dezyèmman,

2. yo va bay fanmi yo opòtinite pou enskri nan The Children's Trust Book Club, etandone ke se yon resous ki gratis pou TOUT fanmi yo ki gen timoun ki fenk fèt jiska 4.5 lane.

 Nan gid sa a, nou gen tou yon lis tout resous ak pwogram nou jere toupatou nan Konte Miami-Dade (w ap jwenn sou lis resous la).

Gid la ofri anpil chwa aktivite. Ou ka chwazi pou òganize 1 evènman epi chwazi 1 nan 5 estasyon travay; oubyen ou kapab òganize tout 5 estasyon yo nan 5 evènman diferan pandan mwa a. Kou ou fin chwazi yon estasyon, chwazi 1 oswa 2 egzanp ki ta plis nan avantaj piblik ou an epi konsantre sou aktivite sa yo. Konsidere laj ak evantay kapasite devlopmantral timoun yo ki nan piblik espesifik ou an, lang yo pale lakay, angajman fanmi yo genyen kounye a ansanm ak nivo konesans aktyèl yo konsènan entèvansyon bonè ak alfabetizasyon.

Pa eseye li tout gid la nèt. Objektif la se pou fanmi yo adopte omwen yon nouvo lide ki ka entegre fasilman nan woutin toulejou yo.

GID VIZYÈL IKÒN YO:



Lis Resous



Konsèy Ekite Sosyal



Konsèy Teknik



Konsèy Lang yo pale Lakay



Konsèy pou Enklizyon



Referans Edikasyon Florida
(Florida Education Benchmark)

KIJAN POU W ÒGANIZE EVÈNMAN W

ETAP 1 Patisipe oswa gade fòmasyon vityèl fasilite yo. (1 èdtan)

Kou ou fin enskri pou òganize yon evènman, yo pral oryante w nan videyo ak resous pou fòmasyon.

ETAP 2 Konsidere piblik ou an. (30 min jiska 1 èdtan)

- Ou pral rasanble yon gwoup ki gen minimòm 2, maksimòm 20 paran/moun k ap okipe timoun ladann.
- Chwazi youn nan senk (5) estasyon yo pou derape. (Ou gen chwa pou òganize tout senk (5) estasyon yo pandan 5 evènman diferan.)
- Chwazi yon jou ak yon lè nan lasemèn ki ta pi bon pou piblik ou an.
- Èske ou gen evènman oswa pwogram pou fanmi ki deja pwogram yo ta ka entegre atelye travay sa a ladann yo?
- Èske ou bezwen òganize plizyè atelye travay pou adapte pou diferan laj, lang yo pale lakay, elatriye? (Egzanp: Èske ajans ou bezwen òganize yon atelye travay an Espanyòl ak ann anglè?)
- Èske ou vle òganize yon evènman avèk yon estasyon? Oubyen yon seri evènman ki kouvri matryèl nan chak nan 5 estasyon yo?
- Ki estasyon ak aktivite nan gid la ki sanble pi adapte pou piblik ou an?

ETA 3 Atelye travay fas-a-fas oswa vityèl. (1 èdtan)

- Pou òganize yon atelye travay vityèl, itilize Resous Òganizatè a (Host Resources) ki sou paj Wèb [READY, Set, Go Miami!](#) la pou jwenn detay sou divès platfòm anliy ou ka itilize pou yon evènman vityèl.
- Idantifye yon co-òganizatè pou evènman an pou ede ak enskripsyon patisipe yo fas-a-fas, reponn kesyon, prepare matryèl oubyen ede ak lojistik vityèl pou lese antre oswa dezaktive mikwo envite yo, pandan w ap itilize yon platfòm anliy.
- Si evènman an vityèl, asire w ke patisipan yo konnen teknoloji ki nesèsè a pou patisipe.
- Si ou prevwa pou anrejistre sesyon an oswa pou pran foto, èske tout patisipan yo te ba ou pèmasyon pou ou fè sa? (W ap jwenn yon fòm otorizasyon laprès nan [Resous pou Òganizatè](#) a ki sou paj Wèb [readysetgomiami.com](#) an.)
- Li vrèman rekòmande pou rasanble enfòmasyon kontak yo (nimewo telefòn ak adrès) pou tout patisipan yo sizoka ta gen yon ijans yo gendwa temwen pandan nou ap patisipe nan yon apèl vityèl.
- Konsidere politik òganizasyon w lan tou.

ETAP 4 Anvan atelye travay la. (1 èdtan)

- Deside dat, a ki lè ak ki kote oswa sou ki platfòm anliy pou fè reyinyon an.
- Enskri envèman ou an sou [READY, Set, Go Miami!](#) [readysetgomiami.com](#)
- Telechaje modèl envitasyon [READY, Set, Go Miami!](#) an apati paj Wèb ki anba seksyon [Resous](#) epi modifye li ak detay ou yo.
- Voye envitasyon an ansanm avèk lè ak dat atelye travay la pral fèt bay fanmi yo epi kolekte rezèvasyon alavans (RSVP) yo.
- Li rekòmande pou voye yon rapèl jou anvan evènman an.
- Mete nan evènman an konfimasyon tip matryèl ak atik kay fanmi an ka vle pare pou aktivite yo epi ke yo pral mete aksan sou yo pandan atelye travay la.

ETAP 5 Jou evènman an. (1 èdtan)

- Òganize atelye travay 45 a 60 minit lan.
- Fikse objektif ak fanmi you konsènan aktivite yo pral eseye lakay yo semèn sa a.
- Pataje resous aprantisaj bonè ak entèvansyon bonè pou timoun piti pandan tout ane a nan kominote w lan.
- Mande fanmi yo pou yo ranpli yon sondaj nan fen atelye travay la.
- W ap jwenn sondaj ak resous yo nan seksyon Resous Òganizatè a ki sou paj Wèb [readysetgomiami.com](#) an.

MESAJ ENPÒTAN POU PATAJE AK FANMI YO

Aprantisaj pandan Woutin Toulejou

Timoun yo ap aprann pandan tout lajounen lè w ap pale epi entèyaji ak timoun yo. Sa pa toujou sanble aktivite lekòl fòmèl ak kreyon epi papye.

Lekti Pataje ak Lang ki Pale Lakay



Lè w ap li yon liv ak pitit ou an, ou kapab pale osijè imaj nou ap gade ansanm yo. Li pa nesèsè pou w li chak mo apa oswa pou w konn pale anglè pou li yon liv ansanm. Toujou ankouraje itilizasyon lang ki pale lakay la, chak fwa sa posib! Pitit ou benefisye lè li tande w ap pale nan lang natif natal ou an. Pa bliye, lasyans montre timoun ki gen yon bon baz nan lang yo pale lakay yo ka aprann anglè pi fasilman.

Swiv Enterè pitit ou(yo)

Lè w ap chwazi aktivite, swiv oswa reyaji pozitivman ak enterè oswa aktivite pitit ou an pito.

Itilizasyon Teknoloji



Montre kijan ou sèvi ak yon tablèt oubyen telefòn entelijan pou aktivite entèyaktif. Pa egzanp, konsidere montre patisipan yo [kijan pou sèvi ak opsyon "aksè gide"](#) (YouTube: *Using Guided Access on iPads to Help My Child Use the iPad* on YouTube) ki sou aparèy elektwonik yo. Sa ede rete konsantre sou aktivite a anmenmtan w ap limite aparèy ou an pou l travay ak yon sèl aplikasyon (app), epi sa pèmèt ou kontwol fonksyonalite aplikasyon (app) yo tankou 'fèmti ekran' (screen lock) pou yon sèl aplikasyon, limite konbyen tan yo itilize yon aplikasyon epi dezaktive distraksyon yo epi retire son notifikasyon yo.



Jwenn enfòmasyon osijè direktiv sou teknoloji pou timoun ki klase selon laj timoun yo grasa [feyè enfòmasyon konsènan tan timoun yo ka pase devan yon ekran](https://bit.ly/3bHHz41) (https://bit.ly/3bHHz41). Li rekòmande pou timoun ki gen ant 3 ak 5 lane pa pase plis pase 1 èdtan pa jou devan yon ekran, epi timoun ki pi jenn, mwen tan toujou.

Ekite sosyal



Chak fwa sa posib, entegre nan konvèsasyon toulejou w yo lide senp konsènan diferans ki genyen ant timoun, fanmi ak kilti yo. Kesyon senp tankou "Ki koulè zye w? Ki koulè zye mwen?" Sa gendwa kreye yon opòtinite pou fè yon konvèsasyon osijè jan ou diferan de zòt yo. Toujou ankouraje pitit ou devlope kiryozi li epi respekte kilti, peyi, lang, tradisyon, koulè po, preferans, elatriye, pitit la ak pou zòt yo tou.



ESTASYON 1

Manje ak Repa yo

OBJEKTIF

Li ansanm ak paran yo epi rezime istwa *Green Eggs and Ham* ki gen Dr. Seuss kòm otè. Eksplòre preparasyon manje etan nou ap devlope konpetans motrisite. Sa a se yon liv ki long, kidonk divize liv la an seksyon gendwa ede kenbe atansyon yo. Aktivite sa yo pral ede moun ki ap okipe timoun yo bati vokabilè pitit (yo), eksplòre kòmansman konsèp lekti epi ogmante atansyon pitit la nan yon aktivite.



ESTANDA APRANTISAJ BONÈ AK DEVELOPMANTAL FLORIDA (FLORIDA EARLY LEARNING & DEVELOPMENTAL STANDARDS)

- Increasingly coordinates hand and eye movements to perform a variety of actions
- Expresses, identifies and responds to a range of emotions
- Speaks and is understood when speaking
- Demonstrates understanding when listening
- Shows an understanding of words and their meanings
- Shows motivation for and appreciation of reading
- Demonstrates comprehension of books read aloud
- Counts and identifies the number sequence "1 to 31"
- Uses senses to explore and understand their social and physical environment
- Explains the role of groups within a community


1. ENTWODIKSYON YO (5 minit)

Prezante tèt ou ak Kanpay MDGLR lan. Pale sou Inisyativ **READY, Set, Go Miami!** la ak misyon atelye travay sa a. Envite moun prezante tèt yo, pou yo di kimoun yo ye ak ki laj pitit ki lakay yo genyen.

2. MESAJ KLE YO (5 minit)

Mande paran yo kijan yo panse sa gen rapò ak devlopman alfabetizasyon bonè pou timoun piti. Gide yo pou repase pwen sa yo:

- Motive pitit ou(yo) nan woutin toulejou epi fèyo tounen opòtinite pou pale, fè lekti, chante.

-  Itilize langaj ou pito a epi ou konnen pi byen

- Lè w ap chwazi aktivite, swiv oswa reyaji pou swiv enterè oswa aktivite pitit ou an pito.
- Diskite sou enpòtans ki genyen nan lave men kòm yon abidid sen ou ta dwe devlope, lè w ap pare pou travay nan kizin lan oswa anvan pou w kòmanse manje manje. Men yon chante amizan pou chante pandan w ap lave men ou pandan 20 a 30 segonn:

Good and Clean (Chante li ak mizik "Happy Birthday")

Wash my hands so good and clean

Wash my fingers and in between

Watch the germs all go away

Now they're clean, I'll go and play

(repeat)

3. BRIZ-GLAS (5 minit)

Itilize tan sa a pou paran ak moun k ap okipe timoun kòmanse prepare; poze kesyon sa yo.

- Èske ou kapab eksplike m rapid-rapid kisa ki rive pandan repa yo lakay ou? Èske fanmi an manje ansanm?
- Èske pitit ou an renmen ede nan kizin lan? Èske li renmen jwe ak atik ki nan kizin lan pandan w ap kwit manje?
- Ki tip konvèsasyon nou genyen nan lè repa yo?
- Èske ou te janm itilize tan lè w ap manje oswa prepare manje kòm yon moman pou aprann? Si repons la se wi, kijan?
- Èske gen liv pitit ou renmen ki gen imaj oswa istwa ki gen pou wè ak manje?

4. AKTIVITE (30 minit)

Itilize gid la sou paj ki annapre yo pou fasilite aktivite "Food and Meals" (Manje ak Repa yo).

Matryèl ki pa obligatwa

- Itilize liv fizik la oswa YouTube:
[Green Eggs & Ham by Dr. Seuss Read Aloud](#)
- Ze (kantite a depann sou konbyen timoun ki genyen)
- Yon kaswòl
- Bòl
- Yon fwè (whisk) pou bat ze yo
- Asyèt an papye
- Kouto, fouchèt an plastik
- Plizyè Napkin
- Koloran alimantè koulè vèt



Kanpe sou liv vityèl la pou montre imaj. Sèvi ak tablèt oswa aparèy elektwonik la ansanm ak timoun lan kòm yon aktivite nou fè ansanm. Asire w tout notifikasyon yo etenn pou ou kapab konsantre sou liv elektwonik la ansanm, epi konsidere itilize opsyon "aksè gide" a YouTube: [Using Guided Access on iPads to Help My Child Use the iPad](#) pou limite distraksyon yo.



Ou ka sèvi ak yon objè ki gen fòm yon ze pou timoun lan kapab kenbe li pandan lekti istwa a (itilize ze plastik, pat a modle (playdough), matryèl ki ka plwaye - wiki sticks oswa pwodui netwayaj tiyo, kouto pou koupe pat koukiz yo, elatriye). Se yon fason pou angaje sans touche pou nenpòt timoun ki gen yon andikap vizyèl.



Ou pa kapab sèvi ak props, tankou yon jwèt. yon objè fizik oswa foto yon sourit, yon kay, yon bwat, yon rena oswa nenpòt atik nan istwa a ke timoun (yo) kapab kenbe pou ogmante enterè yo nan istwa a epi fè istwa a vin pi vivan.



Pou timoun ki poko pale, ki fèk ap pale oswa ki ap aprann anglè, ou kapab fokis sou jès ak men (tankou itilize endèks yo pou di "non" oswa sekwe tèt yo "non" lè istwa a di "I do not like them Sam I am").



Ankouraje timoun(yo) ekprime tèt yo nan yon lang yo konnen byen.



Si ou konnen byen kijan pou itilize yon aparèy kominikasyon, YouTube: [AT to Help My Child Communicate Better - Using AAC to Help My Child Communicate](#) ou kapab pwograme avèk yon anrejistreman tankou, "I do not like green eggs and ham, I do not like them Sam I am" pou timoun(yo) kapab aktive mesaj la lè li tandè li nan istwa a.



Kreye yon tablo kominikasyon manyèl, YouTube: [AAC Strategies at Home - How to use communication devices at home](#) pou pale sou ostwa a. Itilize mo oubyen fraz ki kapab etabli yon lye ant yo ak istwa a, tankou "like", "don't like," "Green eggs and ham," "more" epi "all done."



Li posib pou prete gratis teknoloji ki bay asistans ak aparèy kominikasyon nan Bibliyotèk Step Up AT Lending Library a nan faast.org/stepup

AKTIVITE KI KLASÈ DAPRÈ LAJ

0-12 MWA



Montre liv la epi fòkis sou mo ki rime tankou “house/mouse,” “fox/box” epi pwente ak dwèt ou nan direksyon yo epi di non a.



Sèten egzàn nan lang Panyòl se “taza/casa,” “ojo/rojo.” Yon egzàn an Kreyòl Ayisyen se “zanmi/manmi.”

Espere yon tibebe va swiv ak zye li epi yon tibebe ki pi gran pwente ak dwèt oswa men li.

- Ou kapab deplase dwèt tibebe a anvan ak imaj yo epi mo ki nan istwa a

Li istwa a oswa pale sou imaj yo ak tibebe a.

- Mande lòt manm fanmi an pou fè lekti tou.
- Li pa nesèsè pou li tout paj liv la.
- Pa gen pwoblèm si pitit ou an pa vle fini tout liv istwa a nèt—se yon bagay ki rive souvan a laj sa a.

Pandan woutin toulejou w lan (egzàn, pandan w ap pare manje) ou kapab rakonte aksyon ou yo pou ranfòse devlopman langaj la ak timoun lan.

- Ou kapab fè sa pandan w ap pale, chante, fè lekti, elatriye.

TIMOUN KI GEN 1 A 3 LAN

Montre liv la epi nonmen imaj ak pèsònaj yo sou chak paj.

- Repete mo kle yo pandan tout istwa a (“green,” “egg,” “mouse”) pou ede devlope vokabilè epi antre jwenn pèsònaj.

Di pitit la pou li koute pou si li tande mo “Green eggs and ham”, epi chak fwa pitit(yo) tande li, mande yo repete mo yo, “Green eggs and ham.”

- Fraz pou repete ede timoun memorize epi devlope langaj; timoun aprann lè yo repete.

Idantifye sèten manje oswa objè ki gen koulè vèt lakay ou oubyen lè ou ale nan makèt.

- Nonmen yo epi pale sou karakteristik yo tankou dimansyon, fòm, gou ak sant yo.



Lè w ap diskite bagay ki sanblab ak diferans yo, konsidere itilize chak opòtinite pou abòde tou diferan tip timoun, fanmi, moun, enterè ak preferans: “*Mwen renmen sant sa a, kilès ou renmen?*” epi “*Nou pa renmen menm koulè a, men li ok, moun kapab gen preferans ki diferan.*”

Nan woutin toulejou ou an (egzàn, pandan w ap pare manje) ou kapab rakonte aksyon w yo pou ranfòse devlopman langaj ak timoun la.

- Ou kapab fè sa pandan w ap pale, chante, fè lekti, elatriye.

Ou kapab kite pitit la patisipe nan pwosesis pou kwit manje a kote ou kite yo manyen, santi epi goute atik pou kwit manje yo ak pwodui alimantè yo.

TIMOUN KI GEN ANT 3 AK 5 LANE

Envite pitit ou an chita bò kote w. Fè lekti oswa pale sou imaj yo nan istwa a ak pitit ou. Poze epi reponn kesyon se yon konpetans ki enpòtan pou ogmante konpreyansyon epi devlope vokabilè.

- Di mwen kisa ou wè sou paj la?
- Èske ou ka nonmen sèten objè ki sou paj sa a?
- Konbyen ____ èske ou ka konte?
- Èske ou ka montre mwen ze vèt yo?
- Kisa ou renmen osijè paj sa a?
- Montre Sam ak dwèt ou sou premye paj liv la. Pale sou fason li se pèsonaj prensipal nan istwa a.
- Pandan w ap li sywa a, mande timoun lan jwenn Sam sou chak paj epi diskite sa l ap fè ak kijan li santi li.

Etabli koneksyon ant liv la ak yon aktivite kwit manje ou kapab fè nan kizin lan ak pitit ou an.

1. Kontinye poze kesyon yo ki gen pou wè ak liv la:
 - Kisa li te vle manje? Ki kote li te vle manje ze vèt yo ak janbon an?
 - Ak ki moun li te vle manje?
 - Èske ou te deja eseye ze vèt ak janbon?
2. Montre pitit ou an ki kote engradyan yo ye nan kizin lan.
3. Pitit ou an kapab ede w kote li kase kokiy ze yo epi li vèse engradyan yo nan yon bòl anba sipèvizyon.
4. Pitit ou an kapab ede tou lè li melanje jòn ze yo ak koloran koulè vèt la.
5. Yon adilt kapab itilize yon kaswòl pou kwit oswa fri ze yo epi sèvi yon pati nan ze vèt yo nan plat pitit ou an. Ankouraje pitit ou(yo) manje, men PA fòse yo.
6. Diskite sou repa yo ke fanmi manje ansanm; mande:
 - Kimoun ki nan fanmi w? (manm fanmi yo)
 - Kisa yo sanble? (karakteristik manm fanmi yo – koulè po, cheve, zye, gwo/piti, janti, komik, elatriye.)
 - Kilè ou konn manje ak tout fanmi a ansanm?
 - Kisa ou manje?
 - Poukisa nou manje ansanm?

5. FÈ RAPÒ / FISKE OBJEKTIF EPI PATAJE RESOUS (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo yon opòtinite pou reflechi sou sa yo aprann ak sa yo ta renmen eseye lakay yo, dapre atelye travay la. Bay patisipan yo opòtinite pou yo enskri nan The Children's's Trust Book Club epi pran enfòmasyon lòt resous nan Konte Miami-Dade. Powerpoint pou estasyon an va gen kesyon refleksyon ak resous ki nan lis la.

6. SONDAJ (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo lyen sondaj la (nan tchat la oswa kòmantè platfòm anliy la oswa ekri li sou yon tablo oubyen yon fèy papyè, si nou fas-a-fas). Patisipan yo kapab itilize telefòn yo pou ranpli l.

ESTASYON 2

Eksplòre Lanati

OBJEKTIF

Ankouraje timoun aprann plis sou Syans, Matematik ansanm ak lòt konpetans, lè yo eksplòre kwasans ak devlopman apati yon grenn semans rive nan yon plant. Motive fanmi yo pou yo eksplòre lanati epi itilize moman sa a pou anseye timoun yo.



ESTANDA APRANTISAJ BONÈ AK DEVLOPMANTAL FLORIDA (FLORIDA EARLY LEARNING & DEVELOPMENTAL STANDARDS)

- Li dwe montre itilizasyon gwo misk pou mouvman, pozisyon, fòs ak kowòdinasyon
- Li konekte mo, fraz ak ekspresyon pou kreye lide
- Li pale epi yo konprann li lè l ap pale
- Li montre li konprann liv yo li awot vwa
- Li montre li gen konesans ki gen pou wè ak bagay ki vivan ak anviwònman yo
- Li montre li konprann ki relasyon ki genyen ant moun, objè *vivan/pa vivan) nan anviwònman yo
- Li kontinye patisipe nan aktivite mouvman endividyèl ak an gwoup pou ekspri epi reprezante lide, obsèvasyon, imajinasyon, santiman, eksperyans ak konesans

1. ENTWODIKSYON YO (5 minit)

Entwoudui tèt ou ak Kanpay MDGLR lan. Pale sou Inisyativ **READY, Set, Go Miami!** an epi misyon atelye travay patikile sa a. Envite moun prezante tèt yo, kite yo di kimoun yo ye ak ki laj pitit yo lakay yo genyen.

2. MESAJ KLE YO (5 minit)

Mande paran yo kijan yo panse sa konekte ak devlopman alfabetizasyon bonè pou timoun piti. Gide yo nan mwen tankou:

- Motive timoun pou eksplòre lanati ede yo eksplòre ak sans yo: touche, vizyon, sant ak son.
- Lè nou kite timoun nou yo ede nou avèk plant, yo ap aprann konsèp sikl de vi ak kijan tout bagay gen yon sezon ak yon faz nan devlopman yo.
- Nou ka ranfòse konsèp matematik yo deyò lè nou konte objè tankou wòch, fèy ak kay ou, epitou lè nou sèvi ak mo espasyal tankou gwo, piti, won, rektangilè, elatriye.

3. BRIZ-GLAS (5 minit)

Itiize tan sa a pou paran ak moun ki ap okipe timoun kapab fè konesans ak gwoup la, lè yo poze kesyon ki anba la yo.

- Èske pitit ou renmen jwe deyò?
- Ki kalite aktivite ou konn fè ansanm deyò?
- Èske pitit ou enterese nan plant oswa nan lòt bagay tankou wòch ak fèy

4. AKTIVITE (30 minit)

Itilize gid la nan paj ki annapre yo pou fasilite aktivite “Eksplorasyon Lanati” yo.

Matryèl ki pa Obligatwa

Semans, fèy, flè reyèl, ki te nan jaden oswa tou pre nan zòn deyò oubyen jwèt ki reprezante aktivite

- Flè
- Fèy
- Baton
- Itilize yon kopi papyè yon liv oswa, YouTube: [The Tiny Seed by Eric Carle](#)

Lòt videyo ki sijere:

- YouTube: [Life Cycle of Plants | Science Game and Lesson Plan](#)
- YouTube: [Farmer Plants the Seeds | Kids Song | Song Lyrics | Nursery Rhymes | Farming](#)



Sèvi ak ecard.mdpls.org pou jwenn kat bibliyotèk ou an pou jwenn aksè nan ebooks (liv elektwonik), CD, DVD ak liv odyo. Pa gen okenn frè ni chaj.



Jwenn aksè a resous ki annapre yo pou ebooks:

- Liv anliy Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami Dade (Miami-Dade Public Library System)
- Aplikasyon (app) HOOPLA ak Access 360 pou ebooks
- Aplikasyon (app) NABU Press pou anpil liv an Kreyòl Ayisyen



Itilize yon aparèy kominikasyon ak ekspresyon “the tiny seed” pou fè bri chak fwa imaj ti grenn semans lan parèt nan liv la. YouTube: [AAC Strategies at Home - How to use communication devices at home](#)



Li posib pou prete teknoloji ki bay asistans ak aparèy pou kominike gratis nan Bibliyotèk Step Up AT Lending Library la nan faast.org/stepup



Ou ka sèvi ak yon objè ki gen fòm yon flè pandan lekti istwa a (itilize pat a modle (playdough), matryèl ki ka plwaye - Wikki Stix oswa netwa-pip, kouto pou koupe pat koukiz yo oubyen yon flè oswa yon plant sou yon fon papyè blan oswa nwa pou kreye yon kontras, elatriye). *Se yon fason pou angaje sans touche pou nenpòt timoun ak pou timoun yo ki gen yon andikap vizyèl*



Pou timoun ki poko gen kapasite pou kominike vèbalman oswa ki ap aprann anglè, ou ka fokis sou jès men epi ankouraje pitit ou ekspriye tèt yo atravè mouvman yo fè ak kò yo tankou pou imite mouvman yo grenn semans lan k ap pase pa tout diferan etap nan istwa a.

AKTIVITE KI KLASE DAPRÈ LAJ

0-12 MWA

Mande pitit ou eksplòre diferan tip plant.

- Otorize yo pou yo manyen epi santi diferan tip fèy, flè, plant ak lòt eleman nan lanati.
- Asire w timoun piti pa mete anyen nan bouch yo, egzanzp, fèy ki ka gen pwazon oswa grenn semans ki kapab fè yo toufe.

Jwe rim la, YouTube: [“Brown Bear, Brown Bear, What Do You See?” | David Glenn](#)

TIMOUN KI GEN ANT 1NAN AK 3 LANE



Chante chante ki gen pou wè ak lanati, grenn semans ak plant.

- YouTube: [Papiyon volé](#) (Haitian Creole song)
- YouTube: [Music video for kids! THE SEED Song by La Totuga](#) (English song)
- YouTube: La semilla - [Biología y ciencias para niños 123 Andrés Ganador Latin Grammy - Canción de primavera](#) or [La Totuga Music \(Canciones con el nombre de tu hij@\) - “Semillas en tu corazón”](#) (Spanish songs)

Anndan:

- Montre liv la epi nonmen atik yo nan chak paj pou ede bati vokabilè timoun yo epi aprann sou pèsonaj yo.
- Aprè ou fin tande istwa a, envite pitit ou a vire tankou chante ki nan videyo YouTube la. Sèvi ak kò ou pou kreye mouvman yo nan diferan etap sik lavi plant lan.

Nan lanati:

- Sèvi ak yon pèl oswa ak yon vye kiyè epi enpe tè epi kite timoun lan jwe nan latè deyò a.
- Fè yon pwòmnan nan lanati epi kolekte diferan tip plant deyò a. Rakonte sa ou wè epi poze pitit ou kesyon, tankou:
 - Èske ou santi van an sou po ou?
 - Kisa ou tande? (koutè van an nan pyebwa yo, fèy yo, tondèz gazon an, machin, elatriye.)
 - Ramase fèy epi diskite diferans nan jan santi yo.
 - Pale sou meteyo.
- Plante yon ti semans epi gade li grandi avèk pitit ou an. (Egzanzp, YouTube: [Fun Science Experiments For Kids - Growing a Bean Plant.](#))



Poze kesyon epi montre diferans koulè, fòm, teksti, gwozè epi etabli koneksyon an kijan sa aplikab pou moun tou.

- Prezante konsèp la ke plant se bagay ki vivan. Montre pitit ou an yon wòch epi konpare li ak yon flè, yon pyebwa konpare ak yon wòch, elatriye. ansanm ak pitit ou an, dekri objè yo pi byen ou kapab.

TIMOUN KI GEN ANT 3 AK 5 LANE

Li oswa pale sou imaj yo ki nan istwa a ak pitit ou an.

- Pale osijè imaj yo ogmante konpreyansyon yon timoun epi ede devlope vokabilè li.
- Sa yo se fondasyon ki nesèsè pou kapab aprann li pi devan.

Poze kesyon osijè istwa a, tankou:

- Kisa ou wè sou paj la?
- Kisa grenn semans lan ap fè?
- Kisa ou panse ki pral rive apre sa?
- Konbyen ___ èske ou ka konte?
- Èske ou kapab montre mwen plant la?
- Kisa ou renmen nan paj sa a?

Poze epi reponn kesyon se yon konpetans enpòtan ki ogmante konpreyansyon lè timoun lan ap fè lekti.

Diskite sou fason plant ede nou nan lavi toulejou nou. Egzanp, ou gendwa mande:

- Kijan plant yo kenbe nou fre lè tanperati a cho?
- Ki fason ki genyen pou ou montre plant yo ke ou renmen yo?
- Kijan ou kapab okipe plant yo?
- Kijan plant yo ede nou?
- Kimoun ki deja okipe yon plant?
- Poukisa plant yo enpòtan?
- Plant yo bannou manje tankou fwi ak legim.

Diskite sekans evènman yo nan istwa sa a, tankou:

- Kisa ti grenn semans lan te fè anpremye?
- Kisa ki pase apre yo plante gree semans lan?
- Kisa ki pase apre ou fin bay yon plant dlo?

Pale sou tout bagay ki nesèsè pou ede plant pouse.

- Kisa plant yo bezwen pou grandi?
- Poukisa tè ak dlo enpòtan?
- Poukisa solèy la enpòtan?
- Poukisa dlo enpòtan?
- Kijan nou kapab ede plant yo pouse?
- Kijan solèy la ede plant yo pouse?
- Kijan plant yo chanje pandan yo ap grandi?

5. RAPÒ / FIKSE OBJEKTIF (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo yon opòtinite pou reflechi sou sa yo aprann ak sa yo ta renmen eseye lakay yo, dapre atelye travay la. Bay patisipan yo opòtinite pou yo enskri nan The Children's Trust Book Club epi pran enfòmasyon lòt resous nan Konte Miami-Dade. Powerpoint pou estasyon an va gen kesyon refleksyon ak resous ki nan lis la.

6. SONDAJ (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo lyen sondaj la (nan tchat la oswa kòmantè platfòm anliy la oswa ekri li sou yon tablo oubyen yon fèy papyè, si nou fas-a-fas). Patisipan yo kapab itilize telefòn yo pou ranpli l.

ESTASYON 3

Mizik ak Mouvman

OBJEKTIF

Eksplòre tèm lanmou nan fanmi, nan kominote yo ak lanati atravè istwa, chante, mouvman ak ritm grasa liv ki rele "One Love" Cadella Marley ekri ak chante "One Love" ke Bob Marley ekri.



ESTANDA APRANTISAJ BONÈ AK DEVLOPMANTAL FLORIDA (FLORIDA EARLY LEARNING & DEVELOPMENTAL STANDARDS)

- Li montre itilizasyon gwo misk pou fè mouvman, fòs ak kowòdinasyon
- Li devlope yon konsyans de tèt li ak endpendans
- Li montre li konprann lè li ap koute
- Li pale epi yo konprann li lè li ap pale
- Li montre li motive epi li renmen fè lekti
- Li montre li gen konesans ki gen pou wè ak bagay ki vivan epi anviwònman yo
- Li idantifye diferans ak similarite ant limenm ak zòt yo kòm manm yon gwoup
- Li patisipe aktivman nan divès aktivite mizikal endividyèl ak an gwoup
- Li konbine eksprè divès matryèl ki ouvè, oryante sou pwosesis ak matryèl atistik

1. ENTWODIKSYON YO (5 minit)

Prezante tèt ou ak Kanpay MDGLR la. Pale sou Inisyativ **READY, Set, Go Miami!** la ak misyon atelye travay sa a an patikilye. Envite moun prezante tèt yo, pou yo kimoun yo ye ak laj timoun yo ki lakay yo.

2. MESAJ KLE YO (5 minit)

Mande paran yo kijan yo panse sa konekte ak devlopman alfabetizasyon bonè a. Gide yo atravè pwèn tankou:

- Mizik ede devlope langaj.
- Mizik ede devlope konpetans nan konsyans fonolojik (koute).
- Si chante a gen liv ki akonpye li, sa ede devlope konpreyansyon.
- Koute mizik ede ranfòse konsantrasyon ak atansyon, espesyalman lè gen mouvman kò yo dwe fè ak mizik la.
- Mizik ede pwomouvwa konsèp anvan matematik tankou rekonesans motif grasa ritm.

3. BRIZ-GLAS (5 minit)

Itilize tan sa a pou paran ak moun ki ap okipe timoun fè konesans ak gwoup la lè yo poze kesyon sa yo:

- Kilè ou koute mizik ak timoun ou(yo)?
- Nan ki lang ou konn koute mizik?
- Èske ou janm konstwi enstriman mizik ak pitit ou anvan sa?
- Èske pitit ou montre li enterese nan enstriman yo?
- Èske gen yon chante ou te konn chante lè ou te piti oswa paran/granparan ou yo te konn chante pou ou?

4. AKTIVITE (30 minit)

Itilize gid la nan paj ki annapre yo pou fasilite aktivite yo ki rele "Mizik ak Mouvman".

Matryèl ki pa Obligatwa

Anrejistreman odyo chante ki rele "One Love" Bob Marley ekri, ak pawòl ki senplifye:

- Videyo YouTube "One Love" ak chan: [Bob Marley - One Love](#)
- Videyo YouTube "One Love" san chan: [Bob Marley - One Love Instrumental](#)

Lide pou enstriman mizik:

- Shakers ze oswa tchatcha
- Ranpli yon boutèy dlo (retilizab oswa an plastik) ak diri ki pa kwit pou sanble yon shaker ze ki fèt atizanalman
- Foula tout koulè pou danse epi mouvman
- Kiyè bwa, veso plastik, gwo kaswòl ak mamit
- Kazoo oswa mikwofòn ak yon woulo papye twalèt vid

Sèvi ak vre liv la oswa, YouTube: [One Love-Read Aloud For Children](#) Cadella Marley ekri.



Konsèy Teknik – Kanpe liv vityèl la pou montre imaj ak dwèt ou. Sèvi ak tablèt la oswa aparèy elektwonik la ansanm ak pitit ou an, kòm nou fè ansanm.



Itilize yon aparèy kominikasyon ki gen yon anrejistreman "one love" pou pitit ou an kapab aktive mesaj la lè li tande chante a oubyen itilize motif vizyèl ki sou paj la pou branche li ak aparèy kominikasyon an. YouTube: [AAC Strategies at Home - How to use communication devices at home](#)



Li posib pou prete pou gratis teknoloji ki bay asistans ak aparèy kominikasyon yo nan bibliyotèk the Step Up AT Lending Library nan faast.org/stepup.



Yo ka itilize yon objè ki gen fòm yon kè pou pitit ou kapab kenbe li pandan yo ap li istwa a (itilize pat a modle (playdough), matryèl ki ka plwaye - Wikki Stix oswa pwodui netwayaj tiyo, yon kouto pou koupe pat koukiz, elatriye) Se yon fason pou aktive sans touche pou nenpòt timoun ak pou tout timoun ki gen yon andikap vizyèl.



Sèvi ak èd vizyèl yo, tankou yon kè wouj sou papye, pitit ou an kapab kenbe pandan li ap patisipe nan istwa a.



Pou timoun ki poko gen kapasite pou kominike vèbalman, ki fèk ap pale oubyen k ap aprann anglè, ou kapab konsantre sou jès ak men epi ankouraje pitit ou eksprime tèt li grasa mouvman kò ak enstriman, ansanm ak pawòl mizik ki senp.

AKTIVITE KI KLASE DAPRÈ LAJ

0-12 MWA

Montre liv la epi konsantre sou fòm ak koulè yo lè ou pwente yo ak dwèt ou epi ou di non fòm oswa koulè a.



Pale pandan imaj yo anmenmtan w ap pwente ak dwèt ou sou moun ak kote yo.

- Yon tibebe 2 a 3 mwa ka swiv avèk zye li.
- Plis yo ap grandi rive nan 1 lane daj, plis gen chans pou yo pwente ak dwèt yo oswa men yo.

TIBEBE KI GEN 1 A 3 LANE

Montre liv la epi nonmen imaj ak pèsonaj yo jwenn sou chak paj.

- Repete mo yo [andan tout istwa a (“girl,” “mom,” “dad,” elatriye) pou ede devlope vokabilè.
- Mande pitit ou pou li pwente ak dwèt li sou pèsonaj yo oswa imaj ki repete chaj fwa li wè yo.



Kreye yon albòm foto ak manm fanmi w.



Itilize sa kòm yon opòtinite pou pale sou diferan non, relasyon ak karakteristik nan fanmi w.



Diskite “Same” ak “Different” lè ou pwente ak dwèt ou sou imaj yo ki sou paj ki gen similarite ak diferans.

- Gide pitit ou pou wè si li kapab jwenn bagay ki menm oswa ki diferan tou.



Vokabilè sa a kapab lye ak yon konvèsasyon ki dekri tent po, tip koulè cheve ak estil kwafi, koulè zye, diferan lang moun pale, diferan konpetans ak plis toujou.

Mande pitit ou pou li koute lè li tande mo “one love”.

- Chak fwa pitit ou tande “one love,” mande li leve yon dwèt epi di: “one love”.

Aprann pitit ou jan pou fè siy “love” ak “I love you” ak men yo, sa ki gen ladann timoun ki mal pou tande yo:

babysignlanguage.com/dictionary/i-love-you

TIMOUN 3 A 5 LANE

Poze epi reponn kesyon se yon konpetans ki enpòtan pou ogmante konpreyansyon pandan lekti.

Fè lekti oswa pale pandan w ap gade imaj yo ki nan istwa a ak pitit ou an.

- Lè ou pale osijè imaj yo, sa ogmante konpreyansyon pitit ou genyen epi sa ede devlope vokabilè.

Poze kesyon osijè istwa a:

- Di mwen kisa ou wè sou paj la?
- Èske ou ka nonmen objè ki sou paj la?
- Kisa timoun yo ap fè?
- Konbyen ___ èske ou ka konte?
- Èske ou kapab montre mwen kè a?
- Kisa ou renmen sou paj sa a?

Pwente ak dwèt ou fi a sou premye paj liv la.

- Pale sou fason li se pèsonaj prensipal nan istwa a.



- Pandan w ap swiv istwa a ansanm, mande timoun lan pou jwenn tifi a sou chak paj epi diskite sa li ap fè ak kijan li santi li epi kisa li sanble.

Diskite diferan fason pou eksprime lanmou nan fanmi, kominote ak nan lanati. Poze kesyon sa yo:

- Kimoun nan fanmi w ke ou renmen?
- Kimoun nan fanmi w ki renmen ou? (Mwen renmen ou!).
- Kijan ou montre yo ou renmen yo?
- Kilè fanmi w lan konn ba w afeksyon?
- Poukisa nou konn di moun nou renmen yo?



Montre yon imaj chantè a ak pèsonaj nan liv la epi poze kesyon sa a:

- Ki koulè po yo, cheve yo, zye yo? Èske se koulè po w, koulè cheve w, koulè zye w? E mwen?
- Èske ou konnen yon moun ki gen koulè po, koulè cheve ak koulè zye sa a?
- Mete aksan sou fason chantè a kreyatif, entelijan, selèb epi li bay lemond tèlman lanmou ak lajwa grasa chante sa a.
- Èske ou gen yon zanmi oubyen yon manm fanmi ki pale yon lang ou pa pale?
- Èske ou renmen yon moun ki gen yon koulè po, cheve, zye ki diferan?
- Diskite ak pitit ou poukisa lè moun gen diferan koulè po, cheve ak zye, sa rann mon nou an espesyal.
- Kijan ou montre ou renmen yo?

Aprann pawòl chante Bob Marley a “One Love” ak jès ki senp:

- “One love” – timoun lan leve 1 dwèt pa devan;
- “One heart” – timoun lan mete toulede men li yo sou kè l;
- “Let’s get together” – timoun lan deplase bra li nan mouvman sikilè pou senbolize tout planèt la;
- “And feel alright” – timoun lan bay tèt li yon gwo akolad.

Itilize mouvman ritmik pèkisyon ak kò w ki senp (egzanp, bat men, fwape pye atè, fè yon pa adwat apre sa agòch, chita ak janm repliye epi frape sou jenou).

- Mizik ak mouvman ede timoun devlope langaj ak konpetans motris yo, epi ede yo rete eksite pou aktivite ansèyman an.

Itilize foula pou fèyon dans kreyativ pou chante an; mouvman estil lib epi/oswa jwe “follow the leader” ak mouvman.

Kreye enstriman atizanal lakay ou – shakers ze, tanbou, mikwofòn.

Timoun lan kapab aprann tou tout pawòl konplè chante an epi chak timoun youn apre lòt k ap eseye empwovize motif ritmik ki pi konplèks pandan vèrsè yo.

Yon fwa timoun(yo) tandè chante an 4 oswa 5 fwa sou yon peryòd plizyè jou, yo pral kòmanse aprann chante an ak mouvman yo pou kont pa yo.

- Repetisyon bay yon kantite avantaj tankou ogmante vokabilè, vin konsyan de motif ak ritm, ogmante konfyans moun lan gen nan tèt li.

5. RAPÒ / FIKSE OBJEKTIF (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo yon opòtinite pou reflechi sou sa yo aprann ak sa yo ta renmen eseye lakay yo, dapre atelye travay la. Bay patisipan yo opòtinite pou yo enskri nan The Children’s’s Trust Book Club epi pran enfòmasyon lòt resous nan Konte Miami-Dade. Powerpoint pou estasyon an va gen kesyon refleksyon ak resous ki nan lis la.

6. SONDAJ (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo lyen sondaj la (nan tchat la oswa kòmantè platfòm anliy la oswa ekri li sou yon tablo oubyen yon fèy papye, si nou fas-a-fas). Patisipan yo kapab itilize telefòn yo pou ranpli l.

ESTASYON 4

Kominote Toutotou Nou an

OBJEKTIF

Timoun yo pral gen opòtinite pou kominike epi idantifye divès manm, lokal ak sèvis nan kominote nou an. Aktivite yo ankouraje aprann nouvo mo, konpetans pou fè konvèsasyon, priz konsyans sou ak konpreyansyon.



ESTANDA APRANTISAJ BONÈ AK DEVLOPMANTAL FLORIDA (FLORIDA EARLY LEARNING & DEVELOPMENTAL STANDARDS)

- Li itilize kominikasyon vèbal ak non-vèbal pou eksprime bezwen ak santiman, li pataje eksperyans epi rezoud pwoblèm
- Li itilize vokabilè ogmante pou dekri objè, aksyon ak evènman yo
- Li pale epi yo konprann li lè li ap pale
- Li konte epi li idantifye sekans chif “1 a 31”
- Li devlope yon sans idantite ak apatenans grasa eksplorasyon ak pèsistans
- Li montre li konsyan de relasyon ak moun epi ak objè (vivan/pa vivan nan anviwònman yo)
- Li eksplòre kilti kanmarad ak fanmi yo nan salklas la ak nan kominote a

1. ENTWODIKSYON YO (5 minit)

Prezante tèt ou ak Kanpay MDGLR la. Pale sou Inisyativ **READY, Set, Go Miami!** la ak misyon atelye travay sa a an patikilye. Envite moun prezante tèt yo di, pou yo kimoun yo ye ak laj timoun yo ki lakay yo.

2. MESAJ KLE YO (5 minit)

Mande paran yo kijan yo panse sa an rapò ak devlopman alfabetizasyon bonè pou timoun piti. Gide yo atravè pwen tankou:

- Vokabilè ede devlope langaj.
- Pèmèt timoun nou yo patisipe nan aktivite toulejou ak fè kous ede yo aprann kijan lemond la ye toutotou yo. Pwente sou bagay ki antoure nou ede timoun yo aprann nouvo mo chak jou. Pwente epi repete mo a pou ede timoun yo etabli rapò a.

3. BRIZ-GLAS (5 minit)

Itilize tan sa a pou paran ak moun ki ap okipe timoun fè konesans ak gwoup la, lè yo poze kesyon sa yo:

- Èske gen kote ou konn vizite souvan?
- Èske pitit ou konn akonpaye w lè ou ap fè kous?
- Èske pitit ou poze anpil kesyon osijè bagay li wè nan kominote a?
- Èske anjeneral ou konn mache, kondi oswa pran transpò piblik?

4. AKTIVITE (30 minit)

Itilize gid la nan paj ki annapre yo pou fasilite aktivite “Kominote a ki Toutotou nou”.

Matryèl ki pa Obligatwa

- Jounal, feyè, piblisite oswa atik magazin ki dekoupe sou divès bilding ak repè/moniman pitit ou kapab dekoupe epi itilize pandan yon pwomnad apye oswa nan machin nan katye a
- Papye
- Sizo
- Kreyon koulè oswa matryèl pou kolorye
- Kòl
- Yon panye oswa yon bwat yo ka itilize pou plase objè ki sanble yo, jan sa dekri nan youn nan aktivite yo
- Piblisite nan makèt

Tcheke chante prekinders.com/community-helper-songs-kids èd kominotè yo pou timoun ki fenk fèt jiska 5 lane:

- The Wheels on the Bus
- Miss Polly Had a Dolly Who Was Sick
- Shopping in the Grocery Store



Gade videyo sa yo sou kominote a pou timoun ki gen ant 3 ak 5 lane, YouTube:

- [Sesame Street - “Places in Our Neighborhood”](#)
- [What is a Community? - Community for Kindergarten | Social Studies for Kindergarten | Kids Academy](#)
- [Baby Goes To Market](#)



Itilize YouTube: [AAC Strategies at Home - How to use communication devices at home](#) yon aparèy kominikasyon ak yon anrejistreman “I see a_____” pou pitit ou an kapab aktivite mesaj la lè li tande li nan chante an.



Li posib pou prete pou gratis teknoloji ki bay asistans ak aparèy kominikasyon yo nan bibliyotèk the Step Up AT Lending Library nan faast.org/stepup



Sèvi ak yon objè ki gen fòm yon panye oswa pran yon vre panye pou pitit ou an pou li ka kenbe li pandan yo ap li istwa a pou li. Pèmèt pitit ou an mete vre objè nan panye an, menm jan ak nan istwa a.



Se yon fason pou aktive sans touche pou nenpòt timoun ak pou tout timoun ki gen yon andikap vizyèl.



Sèvi ak èd vizyèl yo, tankou yon bilding wouj sou yon papye blan oswa nwa, pitit ou an kapab kenbe pandan li ap patisipe nan istwa a. Dekoupe imaj ki nan magazin oswa piblisite pitit ou an pral wè nan magazen an oswa lè l ap mache toutotou nan katye a.



Pou timoun ki poko gen kapasite pou kominike vèbalman, ki fèk ap pale oswa yo ap aprann anglè, asire w ou pwente ak dwèt ou sou objè a pandan w ap di non objè a pou li kapab kòmanse fè rapò a ant langaj vèbal ak objè lavi reyèl. Pa egzanp, pwente sou biwo lapòs la epi di “post office!”

AKTIVITE KI KLASE DAPRÈ LAJ

0-12 MWA

- Mennen timoun ou an pwomennen apye, pwente epi esplike/nonmen referans nan kominote a (lekòl, magazen manje, kote pou fè lesiv, lavwa, makèt, pak, manm kominote ak moun ki travay nan lokal sa yo, sa yo gen sou yo, elatriye).
- Itilize yon liv oswa yon magazin oubyen yon jounal epi fè yon pwomnad ak imaj yo de referans kominote a ak èd kominotè yo nan liv la. Itilize yon liv lakay ou oubyen ale nan bibliyotèk oswa nan libreri nan zòn ou an.
- Chante "Wheels on the Bus" oubyen lòt chante ki gen pou wè ak kominote a.

TIMOUN KI GEN ANT 1 NAN AK 3 LANE

- Tout aktivite pou timoun ki gen ant 0 ak 1 nan itil toujou; mennen pitit nan pwomnad, apye oswa nan machin oubyen lè w ap li yon liv, esplike sa w ap gade, egzanp "Sa se lapòs, se la kourye a rive epi pati."
- Fè yon pwomnad nan katye w lan, nan pak oswa lekòl la. Poze pitit ou an kesyon, tankou:
 - Kisa ou wè? (anplwaye lapòs, vwazen)
 - Kisa ____ la fè? (bay non divès manm kominote a)
 - Kisa ou fè nan ____? (bay non divès lokal)



Pale sou diferan kilti, ras/etnisite, wòl nan kominote a ak lang yo tande toutotou yo. Bay egzanp ki bon pou laj/etap devlopman li.

Lè w ap entèyaji ak manm kominote a, aprann pitit ou di "thank you!", lè li ap pale ak manm kominote a tankou resepsyonis la ki nan klinik doktè a, chofè kamyon fatra ak kesye a nan magazen an.

Konsidere ekspozite pitit ou nan konvèsasyon, liv oswa kesyon ki pou timoun ki gen 2 lane anplis pase laj yo pou amelyore kwasans pitit ou an. Ou kapab bay epi reprann yon objè pou demontre reyalyte ale vini nan konvèsasyon.



Kreye yon tablo kominikasyon manyèl ak imaj moun nan kominote a, tankou "doctor," "postal carrier," "truck driver," elatriye. YouTube: [AAC Strategies at Home - How to use communication devices at home](#)

TIMOUN KI GEN ANT 3 AK 5 LANE

Aktivite anlè yo pou timoun ki gen ant 0 ak 3 lane itil toujou pou timoun ki gen laj sa a.

Gade videyo yo sou kominote a.



- Kimoun ou wè nan videyo a?

- Kisa yo ap fè?



- Kijan yo santi yo?

- Èske ou janm kontre ak yon _____?

Li istwa a oswa gade istwa vityèl YouTube, [Baby Goes to Market](#) pou lekti awot vwa a.

- Sèvi ak yon piblisite ki soti nan makèt epi eseye jwenn atik yo bay tibebe a.
- Ankouraje pitit ou konte atik yo (bannann, zoranj) nan istwa a pou kòmanse antrene ak konpetans nan Matematik.
- Pwochen fwa ou prale nan makèt, kite pitit ou an mete atik yo nan panye a oswa nan charyo a. Kite pitit ou an chwazi pwodui fre tou.

Mande pitit ou (yo) sèvi ak tibout mòso journal ak magazin pou kreye pwòp kominote pa yo.



- Ankouraje yo mete divès kalite magazen, restoran, lopital ak lòt pwen referans nan kominote a.



- Itilize yon foto pitit ou (yo), sèlman figi yo epi kite yo desinen tèt yo abiye kòm divès moun nan kominote a.

5. RAPÒ / FIKSE OBJEKTIF (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo yon opòtinite pou reflechi sou sa yo aprann ak sa yo ta renmen eseye lakay yo, dapre atelye travay la. Bay patisipan yo opòtinite pou yo enskri nan The Children's's Trust Book Club epi pran enfòmasyon lòt resous nan Konte Miami-Dade. Powerpoint pou estasyon an va gen kesyon refleksyon ak resous ki nan lis la.

6. SONDAJ (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo lyen sondaj la (nan tchat la oswa kòmantè platfòm anliy la oswa ekri li sou yon tablo oubyen yon fèy papyè, si nou fas-a-fas). Patisipan yo kapab itilize telefòn yo pou ranpli l.

ESTASYON 5

Rakonte Istwa

OBJEKTIF

Objektif estasyon sa a se pou anseye fanmi yo kijan pou yo pataje eksperyans lekti ansanm ak timoun yo. Gen anpil aktivite ou kapab itilize pou amelyore moman pou rakonte istwa ak pou anseye pandan tout jounen an, avèk oswa san liv. Aktivite yo pral founi ide sou kijan paran yo kapab sipòte konpreyasyon ak patisipasyon elvè yo, devlope vokabilè ak enterè pou liv yo, idantifye diferan manje, amelyore konpetans nan koute epi konprann sikl lavi yon papiyon.



ESTANDA APRANTISAJ BONÈ AK DEVLOPMANTAL FLORIDA (FLORIDA EARLY LEARNING & DEVELOPMENTAL STANDARDS)

- Li poze kesyon epi li reponn adilt ak kanmarad li yo nan divès kontèks
- Li kòmanse gen motivasyon nan ekspresyon ekrit ak konesans ki apwopriye osijè fòm ak fonksyon redaksyon yo
- Li swiv enstriksyon
- Li pale epi yo konprann li lè l ap pale
- Li konn konte epi li idantifye sekans chif de "1 a 31"
- Li gen konesans ki gen pou wè ak bagay ki vivan ak anviwònman yo

1. ENTWODIKSYON YO (5 minit)

Prezante tèt ou ak Kanpay MDGLR la. Pale sou Inisyativ **READY, Set, Go Miami!** la ak misyon atelye travay sa a an patikilye. Envite moun prezante tèt yo, pou yo kimoun yo ye ak laj timoun yo ki lakay yo.

2. MESAJ KLE YO (5 minit)

Mande paran yo kijan yo panse sa gen rapò ak devlopman alfabetizasyon bonè sa a. Gide yo atravè pwen sa yo:

- Fè lekti omwen 5 minit chak jou ede pitit ou ranfòse antouzyasm li pou lekti. Sa siyifi pi devan pitit ou pral kapab chita pou li liv ki pi long.
- Fè lekti ak timoun ede yo devlope vokabilè yo.
- Ankouraje paran yo rete konsistan, men konpreyansif. Pa gen pwoblèm si yon timoun piti pa rete chita trankilman epi l ap koute. Ankouraje timoun yo eksplòre liv yo, lè yo vire paj yo epi yo pale sou imaj yo.
- Lè w ap fè lekti pou timoun ou(yo), poze kesyon ogmante konpreyasyon yo epi bati imajinasyon yo.

3. BRIZ-GLAS (5 minit)

Itilize moman sa a pou paran ak moun ki ap okipe timoun yo fè konesans ak gwoup la, lè yo poze kesyon sa yo:

- Kijan pitit ou entèaji ak liv?
- Èske pitit ou renmen li oswa fè sanblan l ap li awot vwa?
- Èske ou gen yon woutin espesyal ak pitit ou ki gen ladan fè lekti?
- Nan ki lang ou konn li liv pou pitit ou?
- Ki sijè ki sanble enterese l'?

4. AKTIVITE (30 minit)

Itilize gid la nan paj ki annapre yo pou fasilite aktivite “Rakonte istwa” yo.

Matryèl ki pa obligatwa

Itilize liv reyèl oswa liv vityèl, YouTube: [The Very Hungry Caterpillar - Read Aloud Picture Book | Brightly Storytime](#)



Konsèy Teknik – Kanpe sou liv vityèl la pou montre imaj ak dwèt ou. Sèvi ak tablèt la oswa aparèy elektwonik la ansanm ak pitit ou an, kòm nou fè ansanm.

Vèsyon adisyonèl istwa a an chante ak fim:

- [The Very Hungry Caterpillar Song](#)
- [The Very Hungry Caterpillar - Animated Film](#)



• Pou rakonte istwa, tanpri sonje ou pa toujou bezwen gen yon liv. Ou kapab pataje istwa ou pito a ak timoun ou an epi itilize lide sa yo pou entèaji avèk li. Pataje ak pitit ou yon istwa tradisyonèl oubyen yon istwa ou envante nan moman sa a gen anpil valè epi se yon bagay pitit ou pral sonje. Ou ta renmen plante nan memwa pitit ou yon istwa ke aprè yo fin grandi, yo pral di: “Papa mwen te konn rakonte mwen istwa sa a...” epi lè sa a li tounen yon tradisyon famiyal.



Li posib pou prete pou gratis teknoloji ki bay asistans ak aparèy kominikasyon yo nan bibliyotèk the Step Up AT Lending Library nan t faast.org/stepup



Itilize yon aparèy kominikasyon, YouTube [AAC Strategies at Home - How to use communication devices at home](#), ak yon anrejistreman yon fraz li ka repete; egzanp, “But he was still hungry.” Pitit ou an kapab aktivite mesaj la lè li tande li nan chante an.



Ou ka sèvi ak nenpòt objè oubyen èd vizyèl ki gen rapò ak istwa a. Pitit ou kapab kenbe èd vizyèl la pandan yo ap li istwa a pou li oswa li ap entèaji ak atik tankou pat-a-modle (playdough), matryèl ki kapab plwaye tankou Wikki Stix oswa pwodui netwayaj tiyo, kouto pou koupe pat koukiz, papiyon jwèt oswa manje pou jwe. Se yon fason pou aktive sans touche a pou nenpòt timoun ak pou tout timoun ki gen yon andikap vizyèl.



Pou timoun ki poko gen kapasite pou kominike vèbalman oswa ki ap aprann anglè, ou kapab konsantre sou sipò vizyèl pou ankouraje pitit ou eksprime tèt yo atravè senbòl ansanm ak lang natif natal yo. Sipò vizyèl kapab gen ladann kat imaj, langaj siy oswa itilizasyon objè pou istwa a vin vivan.

AKTIVITE KI KLASE DAPRÈ LAJ

TIMOUN KI GEN ANT 0 A 12 MWA

Li istwa a pou timoun piti a, mande lòt fanmi fè lekti tou.

- Deplase dwèt pitit la atravè paj liv la.

Montre li chak paj liv la. Tibebe yo kapab swiv imaj yo ak zye yo.

Ankouraje timoun piti a pwente ak dwèt li oswa men li sou imaj ki nan liv la.

- Moun ki ap okipe timoun lan kapab nonmen objè yo nan istwa a, pandan ke tibebe a ap manyen imaj la.
- Paran yo kapab itilize yon jwèt plich/dous oswa yon maryonèt pou rakonte istwa a.

Moun ki ap okipe timoun lan kapab ankouraje tibebe a epi repete mo senp ki nan istwa a.

- Epitou yo kapab chante chante ki an rapò ak istwa a ki gen yon ritm senp yo kapab repete.

TIMOUN KI ANT 1 NAN AK 3 LANE

Montre liv la epi nonmen imaj ak pèsonaj yo sou chak paj, epi repete mo yo pandan tout istwa a (papiyon, pòm, pwa, prin, elatriye).

- Sa pral ede yo devlope vokabilè yo epi konprann konsèp pèsonaj yo.



Kreye yon lis atik manje ak pitit ou, pale sou non chak atik, karakteristik yo ak fason yo gen rapò youn ak lòt.

- Diskite karakteristik “same” ak “different” yo lè ou pwente sou imaj nan paj yo ki gen similarite ak diferans.
- Vokabilè sa a kapab entgre tou nan yon konvèsasyon sou koulè ak chif yo.

Ankouraje pitit ou(yo) pou koute pou si li tande mo yo “but he was still hungry.”

- Chak fwa pitit ou(yo) tande mo sa yo, mande pou yo leve yon dwèt oswa pou leve men yo epi pou yo repete mo, “but he was still hungry”.

Aprann pitit ou fason pou fè siy “hungry” (grangou) ak men yo, tankou timoun ki soud oswa ki mal pou tande:

babysignlanguage.com/dictionary/hungry

- Pou fè siy pou grangou, pran men ou epi mete l nan yon fòm ‘C’ ak anndan men ou ki fas ak sant kò w.
- Demare ak men ‘C’ ou an ki otou kou w epi desann li vè lestomak ou.
- Siy la sanble anpil tankou manje ki ap desann nan lestomak ou.

TIMOUN KI GEN ANT 3 LANE AK 5 LANE

Li oswa pale pandan n ap gade imaj yo ki nan istwa a ak timoun ou an. Pale sou imaj yo ogmante konpreyasyon pitit ou an epi ede bati vokabilè li.

Poze kesyon konsènan istwa a:

- Di mwen kisa ou wè sou paj la?
- Èske ou kapab nonmen sèten nan objè ki sou paj la?
- Kisa cheniy lan ap fè? Poukisa?
- Konbyen ___ ou ka konte?
- Èske ou kapab montre mwen ti cheniy la?
- Kisa ou renmen sou paj sa a?

Poze epi reponn kesyon se yon konpetans enpòtan pou ogmante konpreyasyon pandan lekti.

Pwente ze a ki sou premye paj liv la.

- Di kijan ze a tounen yon cheniy epi poze kesyon sou pèsonaj prensipal la ki nan istwa a.
- Pandan w ap vanse nan istwa a, mande pitit ou pou li jwenn cheniy la sou chak paj epi diskite kisa cheniy la ap fè ak kijan li santi l.

Diskite sikl lavi papiyon an:


- Kisa ki rive an premye? Ze a kale
- Kisa ki rive apresa? Cheniy la grandi
- Apresa kisa ki rive ? Li konstwi yon kokon epi li tounen yon papiyon

Li istwa a epi poze kesyon ki mande espikasyon (pa wi oswa non) osijè istwa a pou enterese pitit ou an.

- Kijan cheniy la te tounen yon papiyon?
- Ki tip manje cheniy la konn manje?
- Ki tip manje ou manje pou grandi?
- Ki bèt cheniy la tounen?
- Ki bagay ou bezwen pou grandi?
- Ki pati ou te pito nan istwa a?

Pwochen fwa ou ale nan makèt pou achte manje, mennen pitit ou avèk ou.

- Pandan w ap mache nan seksyon pwodui frè yon makèt, idantifye atik yo ki te nan liv la.
- Konte konbyen fwi w ap ajoute nan charyo a.
- Diskite diferan koulè ou wè nan sektè pwodui frè yo.



5. RAPÒ / FIKSE OBJEKTIF (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo yon opòtinite pou reflechi sou sa yo aprann ak sa yo ta renmen eseye lakay yo, dapre atelye travay la. Bay patisipan yo opòtinite pou yo enskri nan The Children's's Trust Book Club epi pran enfòmasyon lòt resous nan Konte Miami-Dade. Powerpoint pou estasyon an va gen kesyon refleksyon ak resous ki nan lis la.

6. SONDAJ (5 minit)

Bay moun ki ap okipe timoun yo lyen sondaj la (nan tchat la oswa kòmantè platfòm anliy la oswa ekri li sou yon tablo oubyen yon fèy papyè, si nou fas-a-fas). Patisipan yo kapab itilize telefòn yo pou ranpli l.

readyssetgomiami.com



MIAMI-DADE
CAMPAIGN FOR
GRADE-LEVEL
READING

THE 
CHILDREN'S
TRUST